

# Fason pou Tcheke Siy ak Sentòm Kansè

*Checking Your Skin for Signs of Cancer –Haitian Creole*

Nenpòt moun kapab gen kansè po. Anpil tach moun jwenn sou po yo pa kansè. Men kèk tach ta ka se kansè oswa pre-kansè. Doktè kapab souvan jwenn kansè po yo bonè lè yo pi fasil pou trete. Ou kapab ede depi ou tcheke pwòp po ou.

Li enpòtan pou tout moun tcheke po yo oswa pou yo mande yon doktè oswa enfimyè pou tcheke li pou yo. Men tchèk sa yo pi enpòtan souvan si ou pi arisk pou gen kansè po.



## Konnen Risk Ou pou Kansè Po

Pale avèk doktè ou konsènan risk ou ak kantite fwa ou ta dwe tcheke po ou. Men kèk faktè risk ki kapab fè yon moun gen plis chans pou gen kansè po:

- Si ou ekspose nan limyè ultravyolè (UV) lè w ap pase tan nan solèy la oswa lè w ap itilize kabann bwonzaj.
- Si ou gen anpil gress bote
- Si ou gen tach wouj ki klè oswa pi lejè ak pwal lejè sou po ou
- Si moun ki nan fanmi ou abitye gen kansè po
- Si ou gen yon sistèm defans fèb
- Si w ap vin aje



## Fason pou Fè yon Tchèk Po

Anpil doktè mande pasyan yo pou yo tcheke po yo yon fwa pa mwa. Tchèk po yo pi byen fèt devan yon miwa ki rive jouk nan plafon. Yon miwa ou kenbe nan men itil tou. Asire chanm nan byen klere. Ou ka bezwen yon madamn oswa mari yon patnè, oswa yon manm fanmi pou tcheke do ou ak po tèt ou.



## Kanpe anfas miwa a

- Tcheke figi ou, zòrèy ou, kou ou, pwatin ou ak vant ou. Fanm yo ap bezwen monte tete yo pou tcheke anba yo.
- Tcheke po ki anba bra ou, po ki nan toulède kote bra ou, epi anlè plamen ou ak men ou. Epitou tcheke nan mitan dwèt ou ak anba zong dwèt ou.



## Chita

- Tcheke devan janm ou, anlè pye ou, nan mitan zòtèy ou itilize yon miwa alamen pou gade anba pye ou ak nan dèyè janm ou.
- Itilize yon miwa alamen pou gade anba pye ou ak dèyè janm ou.
- Itilize yon miwa alamen pou tcheke fès ou, zòn prive ou (jenital), anba do ak anlè do, epitou dèyè kou ou ak zòrèy ou. Li ka pi fasil pou gade do ou nan miwa ki nan miray la avèk yon miwa alamen.
- Itilize yon peny oswa yon sechwa cheve pou separe cheve ou pou ou kapab tcheke po tèt ou.



## Sa pou chèche

Li difisil pou konnen si yon chanjman nan po ou ta ka se kansè. Men kèk bagay pou chèche. Si ou jwenn youn oswa plis nan bagay sa yo sa pa vle di ou gen kansè, men ou ta dwe mande yon doktè pou tcheke ou.

- Yon novo kwasans oswa yon kwasans ki chanje, yon tach, yon timè, oswa yon bòs sou po a
- Yon blesi k ap senyen oswa ki pa geri
- Yon zòn ki wouj oswa sèk sou po ou, ki ta ka kwout oswa san
- Nouvo demanjezon, doulè, kò fèmal
- Yon ti boul iregilye
- Yon grenn bote (oswa lòt tach) ki novo oswa k ap chanje nan gwosè nan fòm oswa nan koulè

- Yon grenn bote ki gen yon fòm dwòl, pwen ki inegal oswa zòn ki gen koulè diferan
- Koulè yon grenn bote k ap simaye deyò pwent grenn bote a
- Po wouj oswa nouvo anflamasyon deyò grenn bote a
- Chanjman nan sifas yon grenn bote – fòmasyon kal, swentman, senyman, nouvo timè oswa ti boul



## Si ou jwenn yon bagay nouvo oswa diferan pandan w ap egzamine po ou poukont ou

- Trase yon sèk toutotou zòn nan avèk yon makè oswa plim.
- Si telefòn ou gen kamera, fè yon foto li.
- Pran yon randevou pou fè yon doktè analize li. Sèl fason pou konnen si se kansè po se pale avèk yon ekspè.



Pou aprann plis, vizite sit Entènèt American Cancer Society a nan [cancer.org/phm](https://cancer.org/phm) oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

